# Жыхьэнэмэм и теплъэр

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# صفة النار

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:

أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:

أبو محمد الشركسي

# Жыхьэнэмэм и теплъэр

**Жыхьэнэмэр:** ар хьэзабым и хэщ1ап1эщ, Алыхьым ар джаурхэм, бзит1-щхьит1хэм, мыхъун зыщ1эхэм къахуигъэхьэзыращ Ахърэтым.

Алыхьым жи1эмэ, мыбдежым и гугъу тщ1ынущ к1уэдып1эм и маф1эмрэ абы хьэзаб зэмыл1эужьыгъуэу щы1эмрэ, абым дыщышынэу маф1эм зыщытхъумэным папщ1э. Ехъул1эныгъэр жэнэтыращ зыхэлъыр, маф1эм укъелыныращ иманымрэ 1уэхуф1хэмрэк1э, ширкымрэ мыхъунхэмрэ пэжыжьэ зыпщ1ыныращ. Алыхьым долъэ1ур дыригъэхъул1эну жэнэтк1э ик1и маф1эм дыкъыригъэлыну. Маф1эм теухуа псалъэхэр къитхынущ Къур1эн Лъап1эмрэ Суннэ пэжымрэ.

**Маф1эм и ц1э нэхь зыщыгъуазэхэр:**

Маф1эр зыщ и щытык1эк1э, ауэ и теплъэхэр зэщхьэщок1ыр. Абы и ц1э нэхъ зыщыгъуазэхэр мыхэращ:

1 – *Ан-Нар*[1]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхьымрэ и л1ык1уэмрэ емыда1уэхэу, Абы и гъунапкъэхэм ебакъуэр жыхьэнэмэм хишэнурэ, абым игъащ1эк1э щы1энущ, ар зыгъэпуд хьэзабщ». (Ан-Ниса1: 14).

2 – *Жыхьэнэм:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхьым бзит1-щхьит1хэри джаурхэри жыхьэнэмэм щиугъуеижынухэщ псори». (Ан-Ниса1: 140).

[1] Ан-Нар псалъэм маф1э къик1ыу аращ.

3 – *Аль-Джэхьим*[2]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Иман къэзмыхьауэ Ди аятхэр пц1ыуэ зыбжахэр жыхьэнэмэм щы1энухэщ». (Аль-Ма1идэ: 10).

4 – *Ас-Сэгьир*[3]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхьым джаурхэм нэлат ярихащ, жыхьэнэмэри яхуигъэхьэзыращ». (Аль-1эхьзаб: 64).

5 - *Сэкъэр*[4]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «А махуэм нэк1ук1э телъу маф1эм халъэфэнущ, феплъыт иджы жыхьэнэмэм и маф1эм». (Аль-Къэмэр: 48).

6 - *Аль-Хьут1эмэ*[5]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Хьэуэ, ар хадзэнущ зэхэзыкъутэм, уэ сытым уигъэщ1эн зэхэзыкъутэр? Ар Алыхьым и маф1э зэщ1эгъэнаращ». (Аль-Хумэзэ: 4-6).

7 – *Лэза*[6]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Хьэуэ, ар маф1эщ. Фэр трисык1ыу, абы хелъафэр зи щ1ыб къэзыгъэзэу зымыдар». (Аль-Мэгьаридж: 15-17).

8 – *Дар аль-бэуар*[7]*:* Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Уэ плъагъуркъэ Алыхьым и ф1ыгъуэр джаурыгъэк1э зыхъуэжу зи лъэпкъыр к1уэдып1эм изышахэр? Мис а жыхьэнэмэуэ ахэр здынэсынур. Ар хьэщ1ап1э 1ейщ». (Ибрахим: 28-29).

**Маф1эм и щ1ып1эр:**

[2] Аль-Джэхьим псалъэм жыхьэнэмэ маф1э къик1ыу аращ.
[3] Ас-Сэгьир псалъэм къызэщ1эгъэплъа маф1э къик1ыу аращ.
[4] Сэкъэр псалъэми жыхьэнэмэ къик1ыу аращ.
[5] Аль-Хьут1эмэ псалъэм зэхэзыкъутэ къыригъэк1ыу аращ.
[6] Лэза псалъэм маф1э къик1ыу аращ.
[7] Дар аль-бэуарым к1уэдыныгъэм и хэщ1ап1э, к1уэдып1э къыригъэк1ыу аращ.

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Хьэуэ, гуэныхьыщ1эхэм я тхылъыр Сиджиным[8] щы1эщ». (Аль-Мут1эфифин: 7).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «…Ауэ джаурым и псэр щыхахк1э, щ1ым и бжэм идеж яхьыр, щ1ым и хъумак1уэм же1эр: «Мы мэм нэхъ 1ей къытщ1ихьакъым». Ит1анэ ар щ1ы нэхъ лъахъшэ дыдэм нэс ирахьэхыр». Аль-Хьакимрэ Ибн Хьибанрэ къа1уэтэжащ[9].

**Маф1эм игъащ1эк1э къызэрыхэнэнухэр:**

Джаурхэр, мушрикхэр, бзит1-щхьит1хэр игъащ1эк1э маф1эм къыхэнэнухэщ, ауэ Алыхьыр зыгъэзакъуэу гуэныхь зыщ1ахэр Алыхь Лъап1эу Лъагэм и унафэм щ1этхэщ, хуеймэ яхуигъэгъунущ, хуеймэ я гуэныхьхэм къызэрихьым хуэдизк1э хьэзаб ятрилъхьэнущ.

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхьым ц1ыхухъу бзит1-щхьит1хэри, бзылъхугъэ бзит1-щхьт1хэри, джаурхэри жыхьэнэмэ маф1эмк1э къигъэгугъащ, игъащ1эк1э абым къыхэнэнухэщ. Ар абыхэм яхурикъунущ. Алыхьым нэлат ярихащ абыхэм, хьэзаб мыухыжри къапэщылъщ». (Ат-Тобэ: 68).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Алыхьым игъэгъуркъым гъусэ хуэпщ1ыныр, ауэ абы нэхъ мащ1эр зыхуейм хуегъэгъу». (Ан-Ниса1: 48).

**Маф1эм хыхьэнухэм я нэгухэр:**

---

[8] Сиджиныр щ1ы ебланэщ, ищ1агъ дыдэм щы1эщ.
[9] Сэхьихь, Аль-Хьаким (1304), Ибн Хьибан (3013).

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхь Лъап1эм пц1ы тезылъхьэу щытахэр Къемэт махуэм плъагъунущ я напэхэр уф1ыц1ауэ. Жыхьэнэмэракъэ зызыгъэпагэхэм я хэщ1ап1эр?» (Аз-Зумэр: 60).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «А махуэм напэхэр сабэ трихьауэ игъэуф1ыц1ауэ щытынущ, ахэращ джаур мыхъумыщ1эхэр». (Гьэбэсэ: 40- 42).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Нэгухэр а махуэм уфауэ щытынущ, бэлыхьу къытрагъэхуэнум егупсысхэу». (Аль-Къиямэ: 24-25).

4 – Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «А махуэм зыкъомыр гъэпудауэ, лэжьахэрэ ешахэу маф1э гуащ1эм хыхьэнущ». (Аль-Гъашие: 2-4).

5 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ иджыри: «Абыхэм я нэгухэр маф1эм къилыпщ1ынущ, зэхэуфахэу абым хэтынущ». (Аль-Му1минун: 104).

**Жыхьэнэмэм и бжэхэм и бжыгъэр:**

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Абыхэм псоми жыхьэнэмэр я п1алъэщ, абы бжибл хэлъщ, бжэ къэс гуп гуэрым хуэгъэхьэзыращ». (Аль-Хьиджр: 43-44).

**Жыхьэнэмэм и бжэхэр зэхуащ1ыр ихьэнухэр ихьа иужь:**

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ахэр абы иубыдауэ щытынущ, пкъохэм епхауэ». (Аль-Хумэзэ: 8-9).

**Жыхьэнэмэр къызэрык1уэнур Къемэт махуэм и зэхуэсып1эм:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Гъуэщахэм жыхьэнэмэр ирагъэлъэгъуащ». (Аш-Шугьэра1: 91).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Хьэуэ, щ1ыр щыкъуей щыхъужк1э, уи Тхьэри мэлэ1ыч зэбгъурытхэри къыщык1уэк1э, жыхьэнэмэри къыщашэк1э, а махуэм ц1ыхум игу къэк1ыжынущ, ауэ сыт иджы игу къэк1ыжк1э?» (Аль-Фэджр: 21-23).

3 – Гьэбдуллах бин Мэсгьуд, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Жыхьэнэмэр къашэнущ а махуэм шхуэуэ мин блыщ1 телъу, шхуэ къэс мэлэ1ыч мин блыщ1ым я1ыгъыу къашэу». Муслим къи1уэтэжащ[10].

**Жыхьэнэмэм хэхьэнухэмрэ япэрейуэ лъэмыжым ирик1уэнумрэ:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Фэ фщыщу зыри къэнэнукъым абым ирамышэл1эн, ар уи Тхьэм иуха 1уэхущ. Ит1анэ Тхьэм ф1эл1ык1ыу щытахэр къедгъэлынущи, залымыгъэ зезыхьахэр лъэгуажэмыщхьэу къыхэднэнущ». (Мэрям: 71-72).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, ц1ыху гуэрэхэм жа1ауэ: «Уэ Алыхьым и л1ык1уэ, ди Тхьэр тлъагъуну Къемэт махуэм?» … - абым хэту жи1ащ – Жи1ащ: «Лъэмыжыр жыхьэнэмэм и 1уфит1ым тралъхьэнущи сэрэ си 1умэтымрэ абым япэ дыдэу дырик1уэнущ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[11].

**Жыхьэнэмэм и кууагъыр:**

1 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, игъусэу дыщысу зэхэтхащ зыгуэр зэрек1урэхам и макъ. Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ,

---

[10] Муслим (2842).
[11] Аль-Бухъари (806), Муслим (182).

зылъысын жи1ащ: «Фщ1эрэ ар зыщыщыр?» Жыт1ащ: «Алыхьымрэ и л1ык1уэмрэ нэхъыф1у ящ1эр». Жи1ащ: «Ар бжьыхьэ блыщ1к1э узэ1эбэк1ыжмэ маф1эм хадза мывэщ, иджы жыхьэнэмэм и щ1эм нэсауэ аращ». Муслим къи1уэтэжащ[12].

2 – Сэмурэ бин Джундуб, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, зэхихащ бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Ахэм яхэтщ маф1эр зи лъапщхьэм къэсынухэр, яхэтщ маф1эр зи бгым къэсынухэр, яхэтщ маф1эр зи пщэм нэс къэсынухэр». Муслим къи1уэтэжащ[13].

**Маф1эм хыхьэнухэм я 1эпкълъэпкъыр ин дыдэу зэрыщытынур[14]:**

1 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ щытащ: «Джаурым и дзэлыщхьэр е и дзэпкъыр 1ухьуд бгым хуэдэу щытынущ, и фэм и 1увагъыр щым хуэдэнущ». Муслим къи1уэтэжащ[15].

2 - Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ иджыри, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жыхьэнэмэм джаурым и дамит1ым яку дэлъынущ махуищк1э шу псынщ1эм ик1у гъуэгум хуэдиз». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[16].

3 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, ит1ани къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ

[12] Муслим (2844).
[13] Муслим (2845).
[14] Хьэзабыр нэхъ зыхащ1эн щхьэк1э.
[15] Муслим (2851).
[16] Аль-Бухъари (6551), Муслим (52).

зылъысын, жи1ауэ: «Къемэт махуэм джаурым и дзэлыщхьэм и инагъыр 1ухьудым хуэдэнущ, и фэм 1эфрак1э блыщ1 и бгъуагъыу щытынущ, и 1эблэр Аль-Бэйда1[17] хуэдэу щытынущ, и лъапщхьэр Уэрикъан[18] хуэдэнущ, щ1ып1эу маф1эм иубыдынур мыбдежым щегъэжьауэ Ар-Рэбэзэ[19] нэс дэлъым хуэдизщ». Ахьмэдрэ Аль-Хьакимрэ къа1уэтэжащ[20].

**Жыхьэнэмэм и маф1эм и къарур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Къемэт махуэм ахэр нэк1ук1э телъхэу зэхуэтлъэфэсыжынущ нэфхэу, дэгухэу, бзагуэхэу. Абыхэм я хэщ1ап1эр жыхьэнэмэращ: ар щыужьыхк1э зэщ1ыдогъэстыж. Аращ яхуэфащэр Ди аятхэр зи ф1эщ мыхъуахэм». (Аль-1исра1: 97-98).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Фэ ц1ыхухэм маф1эу зэщ1эвгъэстыр жыхьэнэмэ маф1эм и 1ыхьэ еблыщ1анэщ». Жа1ащ: «Уэлэхьи, ари ирикъунутэмэ, уэ Алыхьым и л1ык1уэ». Жи1ащ: «Ат1э ар (жыхьэнэмэр) хыщ1рэ бгъурэк1э нэхъ инщ, ик1и а 1ыхьэ псоми абы и къару и1эщ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[21].

3 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Маф1эр и Тхьэм хуэтхьэусыхэри жи1ащ: «Уэ си Тхьэ, си

---

[17] Бгым и ц1эщ.
[18] Бгым и ц1эщ.
[19] Мэдинэм и гъунэгъуу щы1э щ1ып1э.
[20] Сэхьихь, Ахьмэд (8327), Аль-Хьаким (8759), еплъ «Ас-Сильсилэ Ас-Сэхьихьэ» (1105).
[21] Аль-Бухъари (3265), Муслим (2843).

1ыхьэхэм зым зыр яшхыж». Ит1анэ абы хуидащ т1оней жьы къишэну, зы къэшэгъуэр щ1ымахуэм, адрей къэшэгъуэр гъэмахуэм. Аращи, нэхъ хуабэ дыдэу ик1и нэхъ щ1ы1э дыдэу фызхуэзэр аращ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[22].

**Маф1эм гъэсын хуэхъунур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Уэ иман къэзыхьахэ, фи щхьэхэри, фи 1ыхьлыхэри щыфхъумэ ц1ыхумрэ мывэмрэ зи гъэсын маф1эм. Абым к1элъоплъыр мэлэ1ыч лъэщу пхъашэхэр. Ахэр Алыхьым и унафэм ебакъуэкъым, унафэ къыхуащ1ыр ягъэзащ1эр». (Ат-Тэхьрим: 6).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Мывэхэри ц1ыхухэри гъэсын зыхуэхъуну маф1эм зыщыфхъумэ, ар зыхуагъэплъар джаурхэращ». (Аль-Бэкъэрэ: 24).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Фэри, Алыхьыр къэвгъэнауэ фызыхуэпщыл1хэри жыхьэнэмэм пхъэ гъэсыну фихьэнущ». (Аль-1энбия1: 98).

**Жыхьэнэмэр зэрех увып1эхэр:**

Маф1эр зыр зым нэхърэ нэхъ лъахъшэ увып1эхэу йохыр, бзит1-щхьит1хэр и лъащ1э дыдэм щы1энухэщ, я джаурыгъэр зэрынэхъ 1ейм щхьэк1э, му1минхэм залымыгъэ ирагъэхыу зэрыщытам щхьэк1э. Абым теухуауэ Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Бзит1-щхьит1хэр маф1эм и лъащ1э дыдэм щы1энухэщ, ик1и дэ1эпыкъуэгъуи къахуэбгъуэтыфынукъым ахэм». (Ан-Ниса1: 145).

**Маф1эм и жьауэр:**

---

[22] Аль-Бухъари (3260), Муслим (617).

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Сэмэгумк1э щы1эхэр, - уэ пщ1эрэ сэмэгумк1э щы1эхэр? Ахэр жьы пщтырымрэ псывэмрэ хэсынущ, 1угъуэ ф1ыц1эм и жьауэм щ1эсхэу». (Аль-Уакъигьэ: 41-43).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Абыхэм хьэщпакъ маф1эхэр къащхьэщытынущ, ящ1агъыми щ1элъынущ, апхуэдэу Алыхьым и пщыл1хэр егъэшынэр: «Уэ си пщыл1хэ, фыкъысф1эл1ык1». (Аз-Зумэр: 16).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Зевгъэхь иджы щыуэ зэхэк1 жьауэм, абы жьауэ идзкъым, маф1эбзийми ущихъумэкъым». (Аль-Мурсэлят: 30-31).

**Маф1эм и хъумак1уэхэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Сэ ар жыхьэнэмэ маф1эм щызгъэсынщ. Уэ сытым уигъэщ1эн а жыхьэнэмэ маф1эр? Зыри къелынукъым абы, ар щ1ыфэр тезысык1щ, абы (мэлэ1ыч) пщык1убгъу щхьэщытщ. Дэ маф1эм тет хуэтщ1ар мэлэ1ычхэращ, я бжыгъэри джаурхэр зэрыдгъэунэхун тщ1ащ». (Аль-Мудэсир: 26-31).

2 – Малик жыхьэнэмэм и хъумак1уэщ, Алыхь Лъап1эм зэрыжи1ам тету: «Ахэр къэджэнущ: «Уэ Малик, уи Тхьэм ди псэр хырех!» Яжри1энущ: «Фызэрыщытым хуэдэу фыкъэнэнущ». (Аз-Зухъруф: 77).

**Маф1эм и гупыр:**

Абу Сэгьид Аль-Хъудрий, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Алыхь Лъап1эм жи1энущ: «Уэ Адам». Жи1энущ: «Сыкъуэда1уэр, ф1ыр зэуэ Уи 1ит1ыращ зы1эщ1элъыр!». Жи1энущ: «Маф1эм и гупыр къыхэш». Жи1энущ: «Сыт маф1эм и

гупыр?» Жи1энущ (Алыхьым): «Мин къэс щибгъурэ бгъущ1рэ бгъурэ». Абдежым ц1ык1ухэм я щхьэцыр тхъунущ: «Уэндэгъум щинынущ, ц1ыхухэр чэфу къыпщыхъунущ, ауэ ахэр чэфкъым, Алыхьым и хьэзабыр гуащ1эщи аращ»[23].

Жа1ащ: «Уэ Алыхьым и л1ык1уэ, хэт дэ тщыщу а зы закъуэр?» Жи1ащ: «Фыгуф1э, фэ фщыщу зы, Е1джуджрэ Мэ1джуджрэ щыщу мин (хашынущ)». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[24].

**Маф1эм хыхьэнухэр зэрыхыхьэнур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэр гупурэ жыхьэнэмэм ирахул1энущ, ахэр щынэск1э, хъумак1уэхэм жыхьэнэмэбжэхэр зэ1уахынурэ къыжра1энущ: «Фэ фщыщу л1ык1уэхэр къыфхуэк1уатэкъэ, фи Тхьэм и аятхэм къыфхуеджэу нобэ фызыхуэзам фыхуагъэсакъыу?» Жэуап иратыжынущ: «Пэж мыгъуэщ!» Ауэ Алыхьым и хьэзабыр джаурхэм къатепсыхэнущ. Абыхэм къыжра1энущ: «Жыхьэнэмэм игъащ1эк1э фыщы1эну фихьэ!» Ар зызгъэпагэхэм я хэщ1ап1э мыгъуэщ». (Аз-Зумар: 71-72).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Гуэныхьыщ1эхэр я теплъэк1э къац1ыхунурэ я 1эхэмрэ я лъакъуэхэмк1э яубыдынущ». (Ар-Рэхьман: 41).

3 – Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Къемэт махуэр пц1ыуэ зылъытахэм жыхьэнэмэр яхуэдгъэплъащ. Ахэр (жыхьэнэмэм) жыжьэу къыщилъагъук1э, зэхахынущ ар къызэрыкъуалъэмрэ и макъымрэ. Ахэр зэщ1э1ул1ауэ щ1ып1э зэвым щыдадзэк1э, ягъэк1уэдыжыну щ1элъэ1унущ. Нобэ зы к1уэдып1эм

[23] Аль-Хьэдж: 2.
[24] Аль-Бухъари (3348), Муслим (222).

фыщ1эмылъэ1уу, к1уэдып1э куэдым фыщ1элъэ1у» (Аль-Фуркъан: 11-14).

4 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Хьэуэ, ар хадзэнущ зэхэзыкъутэм, уэ сытым уигъэщ1эн зэхэзыкъутэр? Ар Алыхьым и маф1э зэщ1эгъэнаращ». (Аль-Хумэзэ: 4-6).

5 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «А махуэм е1унщ1ынурэ ахэр жыхьэнэмэ маф1эм хадзэнущ: «Ар фэ пц1ыуэ къэфлъыта маф1эращ». (Ат1-Т1ур: 13-14).

6 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «А махуэм плъагъунущ щ1эпхъаджэхэр 1эхъулъэхъук1э зэщ1э1ул1ауэ. Щыгъыну ящыгъри мэзышщ, я нэк1уми лыгъэр щ1энауэ щытынущ». (Ибрахим: 49-50).

7 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Къемэт махуэм маф1эм къыхэк1ынущ пщэ нит1 и1эу илъагъуу, тхьэк1умит1 и1эу зэхихыу, бзэгу и1эу жи1эу: «Сэ унафэ къысхуащ1ащ щык1э: щхьэзыф1эф1 лъэщу хъуар, Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэхэм елъэ1уахэр, сурэтыщ1хэр». Ахьмэдрэ Ат-Тирмизирэ къа1уэтэжащ[25].

**Япэрейуэ маф1эр зэрызэщ1агъэстынур:**

Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын жи1эу: «Япэрейуэ Къемэт махуэм зи унафэр ящ1энур ц1ыхухэм щыщу Алыхьым и ц1эк1э яук1а л1ыщ. Ар къашэнущи, ф1ыгъуэу хуищ1ахэр иригъэлъагъужынущи зэрыпэжыр жи1энущ. Жи1энущ (Алыхьым): «Ат1э а ф1ыгъуэхэм щхьэк1э сыт пщ1ар?»

[25] Сэхьихь, Ахьмэд (8411), Ат-Тирмизи (2574).

Жи1энущ: «Уи ц1эк1э сызэуащ саук1ыху». Жи1энущ: «Пц1ыщ, ущ1эзэуар «Хахуэщ», - жа1эн щхьэк1эт, ик1и жа1ащ». Ит1анэ абым щхьэк1э унафэ ящ1ынущи и нэгук1э ялъэфынурэ маф1эм хадзэнущ.

Ит1анэ щ1эныгъэ зэзыгъэгъуэту езыгъэджа, Къур1эн еджэу щыта л1ыр. Ар къашэнущи, ф1ыгъуэу хуищ1ахэр иригъэлъагъужынущи зэрыпэжыр жи1энущ. Жи1энущ (Алыхьым): «Ат1э а ф1ыгъуэхэм щхьэк1э сыт пщ1ар?» Жи1энущ: «Щ1эныгъэ зэзгъэгъуэтри езгъэджащ, Уи ц1эк1э Къур1эн седжащ». Жи1энущ: «Пц1ыщ, щ1эныгъэ зэбгъэгъуэтащ «Еджагъэшхуэ», - жа1эн щхьэк1э, Къур1эни уеджащ «Еджак1уэшхуэщ», - жа1эн щхьэк1э, ик1и жа1ащ». Ит1анэ абым щхьэк1э унафэ ящ1ынущи и нэгук1э ялъэфынурэ маф1эм хадзэнущ.

Ит1анэ Алыхьым зыхуигъэбэгъуа, мылъкуу щы1эу хъуам щыщ зырита л1ыр. Ар къашэнущи, ф1ыгъуэу хуищ1ахэр иригъэлъагъужынущи зэрыпэжыр жи1энущ. Жи1энущ (Алыхьым): «Ат1э а ф1ыгъуэхэм щхьэк1э сыт пщ1ар?» Жи1энущ: «Уэ ф1ыуэ плъагъуу зы 1уэху къэзгъэнакъым Уи ц1эк1э тезмыгъэк1уэдауэ (мылъку)». Жи1энущ: «Пц1ыщ, ар щ1эпщ1ар «Хьэлэлщ», - жа1эн щхьэк1эт, ик1и жа1ащ». Ит1анэ абым щхьэк1э унафэ ящ1ынущи и нэгук1э ялъэфынурэ маф1эм хадзэнущ». Муслим къи1уэтэжащ[26].

**Маф1эм хыхьэнухэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэу Си аятхэр пц1ыуэ зыбжхэр жыхьэнэмэм хыхьэнущ, абым игъащ1эк1э къыхэнэнущ». (Аль-Бэкъэрэ: 39).

[26] Муслим (1905).

2 – Гьияд бин Хьимар, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «…Маф1эм хыхьэнухэр тху мэхъу: къарууншэ пщ1эи акъыли зимы1эр, зыгуэрым к1элъык1уэу щхьэгъуси, мылъкуи лъымыхъуэр; епц1ыжак1уэ зыгуэрым хущ1экъуурэ ар игъуэтмэ епц1ыжыр; уи 1ыхьлыхэмрэ уи мылъкумрэ игъэк1уэдыну пымылъу нэху къызтемыщэ е жэщ къызтемыхъуэ л1ыр» - ит1анэ и гугъу ищ1ащ нэпсеиным е пц1ыупсыным- «1эдэбыншэ гуэныхьыщ1эр». Муслим къи1уэтэжащ[27].

**Нэхъыбэ дыдэу маф1эм хыхьэнухэр:**

Ибн Гъэббас, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Маф1эр сагъэлъэгъуащ, ик1и абы нэхъыбэ дыдэу хэтыр бзылъхугъэ зымыдэжхэращ». Жа1ащ: «Алыхьыр ямыдэжу ара?» Жи1ащ: «Щхьэгъусэр ядэжкъым, ф1ыуэ къазэрыхущытыр ядэжкъым, ахэм щыщ зым л1эщ1ыгъуэ псок1э ф1ыуэ ухущыту, зэ игу иримыхь гуэр къызэрыбдилъагъуу жи1энущ: «Игъащ1эк1э зыри ф1ыуэ къыббгъэдэк1акъым». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[28].

**Маф1эм хыхьэнухэм щыщу нэхъ хьэзаб 1ейр зытелъынур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Хэвдзэхэ т1уми жыхьэнэмэм дэтхэнэ джаур инатри, ф1ым пэувыр, мыхъуныр зыщ1эр, шэч къытезыхьэр, Алыхьым гъусэ хуэзыщ1у щытар. Хэвдзэ т1уми ар хьэзаб гуащ1эм». (Къаф: 24-26).

[27] Муслим (2865).
[28] Аль-Бухъари (29), Муслим (907).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Фиргьэунымрэ и лъэпкъымрэ хьэзаб гуащ1эр къатехуащ, пщэдджыжьи пщыхьэщхьи маф1эм пэщ1агъэувэнущ, Къемэт махуэм хэфшэ Фиргьэуным и лъэпкъыр нэхъри нэхъ гуащ1э хьэзабым». (Гъафир: 45-46).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Джаурхэмрэ Алыхьым и гъуэгум ц1ыхухэр тезмыгъыхьэу щытахэмрэ я хьэзабым игущ1ы1ужк1э иджыри хьэзаб ятетлъхьэнущ зэрагъэк1уэк1ауэ щытам щхьэк1э». (Ан-Нэхьл: 88).

4 - Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Бзит1-щхьит1хэр маф1эм и лъащ1э дыдэм щы1энухэщ, ик1и дэ1эпыкъуэгъуи къахуэбгъуэтыфынукъым ахэм». (Ан-Ниса1: 145).

5 - Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Уи Тхьэм и ц1эк1э со1уэ, Дэ ахэри, шейт1анхэри зэхуэтхусыжынщи, жыхьэнэмэм лъэгуажэмыщхьэу къедгъэувэк1ынк1э! Ит1анэ дэтхэнэ гупми Дэ къыхэтшынщ нэхъ зызыгъэпагэу Гущ1эгъущ1ым емыдэ1уахэр. Ит1анэ Дэ нэхъыф1у дощ1эр абы исыпхъэхэр». (Мэрям: 68-70).

6 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Къемэт махуэм маф1эм къыхэк1ынущ пщэ нит1 и1эу илъагъуу, тхьэк1умит1 и1эу зэхихыу, бзэгу и1эу жи1эу: «Сэ унафэ къысхуащ1ащ щык1э: щхьэзыф1эф1 лъэщу хъуар, Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэхэм елъэ1уахэр, сурэтыщ1хэр». Ахьмэдрэ Ат-Тирмизирэ къа1уэтэжащ[29].

7 – Гьэбдуллах бин Мэсгьуд, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ

[29] Сэхьихь, Ахьмэд (8411), Ат-Тирмизи (2574).

зылъысын, жи1ащ: «Сурэт зыщ1хэм Къемэт махуэм я хьэзабыр нэхъ гуащ1э дыдэу щытынущ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[30].

8 – Гьэбдуллах бин Мэсгьуд, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Хьэзаб нэхъ гуащ1эр Къемэт махуэм къытехуэнущ бегъымбарым иук1а л1ым, е бегъымбар зыук1а л1ым, гъуэщэныгъэм и имамым, сурэтхэр зыщ1хэм щыщ сурэтыщ1ыр». Ахьмэдрэ Ат1-Т1эбэранирэ къа1уэтэжащ[31].

**Маф1эм хыхьэнухэм щыщу зи хьэзабыр нэхъ псынщ1эр:**

1 – Ан-Нугьман бин Бэшир, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1эжащ: «Зэхэсхащ бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Къемэт махуэм нэхъ хьэзаб псынщ1э зытелъынур зи лъэгухэм ф1амыщ1 плъар щ1алъхьа л1ым, абы и щхьэкуц1ыр къигъавэу маф1эм тет шыуаныр къызэрывэм хуэдэу». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[32].

2 – Ибн Гьэббас, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, къи1уэтэжащ, Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Маф1эм хыхьахэм щыщу нэхъ хьэзаб псынщ1э зытелъыр Абу Т1алибщ, абым къыщат1эгъащ вакъит1, и щхьэкуц1ыр абыхэм щхьэк1э къавэу». Муслим къи1уэтэжащ[33].

3 – Абу Сэгьид Аль-Хъудрий, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ зэхихауэ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, щысу Абу Т1алиб и гугъу щащ1ым

[30] Аль-Бухъари (5950), Муслим (2109).
[31] Джеид, Ахьмэд (3868), Ат1-Т1эбэрани «Аль-Кэбир» (10/260).
[32] Аль-Бухъари (6562), Муслим (213).
[33] Муслим (212).

жи1ауэ: «Сыкъызэрыщхьэщыжыр къыщхьэпэмэ абы Къемэт махуэм маф1эм и нэхъ мащ1эм хагъэхьэнущ, и лъапщхьэм къэсу, и щхьэкуц1ыр къигъавэу». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[34].

**Хьэзаб нэхъ псынщ1эр зытелъхэм щхьэк1э жа1ынур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэм щ1ым щы1эу хъуари абым хуэдиз иджыри щ1ыгъужу я1эрэ Къемэт махуэм и хьэзабым зыщахъумэн щхьэк1э ятыну хуежьэми, ар 1ахынукъым, абыхэм хьэзаб гуащ1эр къапэщылъщ». (Аль-Ма1идэ: 36).

2 – Анас бин Малик, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Алыхь Лъап1эр яупщ1ынущ Къемэт махуэм маф1эм к1уахэм щыщу нэхъ хьэзаб псынщ1э зытелъым: «Щ1ым щы1эу хъуар уи1этэмэ птынтэкъэ?» Жи1энущ: «Нт1э». Жи1энущ: «Абым нэхърэ нэхъ псынщ1эт сызыхуеяр Адам и тхыц1эм ущыхэтам: гъусэ къысхуомыщ1ыну зыри, ауэ гъусэ къысхуэпщ1ын ф1эк1а бдакъым». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[35].

**Жыхьэнэмэм и 1эхъулъэхъухэмрэ и церпхэмрэ:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэм къахуэдгъэхьэзыращ церпхэр, 1эхъулъэхъухэр, маф1эр». (Аль-1инсан: 4).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Ди Тхылъымрэ Ди л1ык1уэхэм къахуедгъэхамрэ пц1ыуэ зылъытахэм къащ1энщ 1эхъулъэхъухэмрэ церпхэмрэ я пщэхэм илъу щыхалъафэк1э псывэм, ит1анэ маф1эм щырагъэск1э». (Гъафир: 70-72).

[34] Аль-Бухъари (6564), Муслим (210).
[35] Аль-Бухъари (6557), Муслим (2805).

3 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Дэ ди1эщ 1эхъулъэхъухэри, маф1эри, шхын егъэхыгъуейри, хьэзаб гуащ1эри». (Аль-Музэмиль: 12-13).

4 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Фубыди фпхы ар. Жыхьэнэмэ маф1эм хэвдзэ, ит1анэ1эфрак1э блыщ1 зи к1ыхьагъ церпыр к1уэц1ырыфлъэф. Абы и ф1эщ хъуртэкъым Алыхь щэджащэр. Тхьэмыщк1э ягъэшхэнуи къыхураджэртэкъым». (Аль-Хьакъэ: 30-34).

**Маф1эм хыхьахэм я шхыныр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Зэкъум[36] жыгыр гуэныхьыщ1эхэм я шхынщ. Ар гъуаплъэ тк1уам хуэдэу ныбэм къыщокъуалъэр». (Ад-Духъан: 43-46).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Мы тхъап1эра нэхъыф1ыр, хьэмэрэ зэкъумк1э зэджэ жыгыра? Ар залымыгъэ зыщ1ахэр иридгъэунэхуну къэдгъэщ1ащ. Ар жыхьэнэмэ лъабжьэм къыхэк1а жыгщ, абы къыпык1эхэр шейт1анхэм я щхьэхэм хуэдэщ. Ар яшхынурэ я ныбэхэр якудэнущ. Абы нэгъуэщ1у ирафынури псывэ зэхэщ1ащ. Ит1анэ жыхьэнэмэм къагъэзэжынущ». (Ас-Сафат: 62-68).

3 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ ит1анэ: «Шхын я1энукъым даригъ[37] ф1эк1а, абы пшэри уищ1ынукъым ик1и уигъэнщ1ынукъым». (Аль-Гъашие: 6-7).

4 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Мыбдежым нобэ абы къыщхьэщыжын и1экъым, уэтэпсым нэгъуэщ1и шхыныгъуэ

[36] Жыхьэнэмэм къыщык1 жыгщ, къыпык1эр дыджщ, шхыгъуейщ.
[37] Банэ тету щхъухь зыхэлъщ, дыджщ.

и1экъым. Ар зырагъэшхыр гуэныхьыщ1эхэм я закъуэщ». (Аль-Хьакъэ: 35-37).

**Маф1эм хыхьахэм я фадэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «(Л1ык1уэхэр) тек1уэныгъэм щ1элъэ1ури, дэтхэнэ залым инатми я 1уэхур къутащ. Абы жыхьэнэмэр къыпэщылъщ, зырагъэфэнури уэтэпсщ. Ахэр йо1уб мэхъашэурэ, л1эныгъэри дэнэ лъэныкъуэк1и къащ1озэрыхь, ауэ л1эркъым, хьэзаб гуащ1эри къапоплъэр». (Ибрахим: 15-17).

2 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ иджыри: «Псывэм ирагъафэрэ и к1эт1ийр зэписык1ыу». (Мухьэммэд: 15).

3 – Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Дэ джаурхэм яхуэдгъэхьэзыращ зэщ1эзыубыдэну маф1эр. Псы щхьэк1э щылъа1уэхэк1э, абыхэм къыхуашиинущ псывэр, гъущ1 гъэтк1уам хуэдэу, нэк1ур къилыпщ1у. Ар фадэ гъуамэщ! Ар хэщ1ап1э мыгъуэщ». (Аль-Кэхф: 29).

4 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ иджыри: «Ауэ сэхъуахэм я хэщ1ап1э хъунур бзаджэщ, жыхьэнэмэм исынухэщ, ар хэщ1ап1э мыгъуэщ. Аращ, ирыраф иджы псывэри уэтэпсри, абыхэм хуэдэщ нэгъуэщ1хэри». (Сад: 55-57).

**Жыхьэнэмэм хыхьахэм я щыгъыныр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Иман къэзмыхьахэм я щыгъыныр маф1эм къыхэщ1ык1ащ, я щхьэхэми псывэр трак1э». (Аль-Хьэдж: 19).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «А махуэм плъагъунущ щ1эпхъаджэхэр церпхэмк1э зэк1уэц1ыпхауэ, щыгъыну я1энури

мэзышщ, я нэк1уми лыгъэр щ1энауэ щытынущ». (Ибрахим: 49-50).

**Жыхьэнэмэм хыхьэнухэм я п1эхэр:**

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Абыхэм теп1энуи щ1элъынуи я1энур маф1эращ: апхуэдэу залымыгъэ зыщ1эхэм яхуэфащэр ядогъэгъуэт». (Аль-1эгьраф: 41).

**Маф1эм хыхьахэм я гуауэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Апхуэдэу Алыхьым я лэжьыгъэхэр щаригъэлъагъужк1э гу1эжынухэщ, абыхэм маф1эм къыхэк1ыжи я1энукъым». (Аль-Бэкъэрэ: 167).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Зыри жэнэтым ихьэнукъым ирамгъэлъагъуу маф1эм и щ1ып1эу щытынутэр мыхъун ищ1атэмэ, и ф1ыщ1эр нэхъыбэжу щытын щхьэк1э. Ик1и зыри жыхьэнэмэм ихьэнукъым ирамгъэлъагъуу жэнэтым и щ1ып1эу щытынутэр ф1ыуэ щытатэмэ, и гуауэр нэхъ иныж хъун щхьэк1э». Аль-Бухъари къи1уэтэжащ[38].

3 – Анас, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Алыхь Лъап1эр яупщ1ынущ Къемэт махуэм маф1эм к1уахэм щыщу нэхъ хьэзаб псынщ1э зытелъым: «Щ1ым щы1эу хъуар уи1этэмэ птынтэкъэ?» Жи1энущ: «Нт1э». Жи1энущ: «Абым нэхърэ нэхъ псынщ1эт сызыхуеяр Адам и тхыц1эм ущыхэтам:

[38] Аль-Бухъари (6569).

гъусэ къысхуомыщ1ыну зыри, ауэ гъусэ къысхуэпщ1ын ф1эк1а бдакъым». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[39].

**Маф1эм хыхьахэм я псалъэхэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Жи1энущ: «Фяпэ ища жинхэмрэ ц1ыхухэмрэ зыхыхьа маф1эм фыхыхьэ!» Зы гуп щыхыхьэк1э, япэ ища езым хуэдэхэм нэлат ирахынущ. Псори абы щызэхуэсыжа иужь, иужьрейхэм жа1энущ япэрейхэм щхьэк1э: «Уэ ди Тхьэ! Мыхэращ дызыгъэгъуэщари, маф1эм и хьэзабыр т1уащ1эу къателъхьэ!» Езым къажри1энущ: «Дэтхэнэми я хьэзабыр т1уащ1эщ, ауэ фэ ар фщ1эркъым». Япэрейхэм жа1энущ иужьрейхэм жыра1эу: «Фэ дэ нэхърэ зык1и фынэхъыф1къым, фшэч фэри къэвлэжьа хьэзабыр». (Аль-1эгьраф: 38-39).

2 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ ит1анэ: «Ит1анэ Къемэт махуэм фи щ1ыбхэр зэхуэвгъэзэжынущи нэлат зэфхыжынущ, фи хэщ1ап1э хъунури маф1эращ, абы фыкъезыгъэлыни вгъуэтыжынукъым». (Аль-Гьэнкэбут: 25).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Нобэ зы к1уэдып1эм фыщ1эмылъэ1уу, к1уэдып1э куэдым фыщ1элъэ1у» (Аль-Фуркъан: 14).

## Маф1эм и хьэзабхэм щыщхэм я теплъэхэр

**1 – Джаурхэмрэ бзит1-щхьит1хэмрэ:**

[39] Аль-Бухъари (3334), Муслим (2805).

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Алыхьым ц1ыхухъу бзит1-щхьит1хэри, бзылъхугъэ бзит1-щхьит1хэри, джаурхэри жыхьэнэмэ маф1эк1э къыигъэгугъащ игъащ1эк1э хэсынхэу. Ар яхурикъунущ ахэм! Алыхьым нэлат абыхэм ярихащ, гугъуехь мыухыжри къапэщылъщ». (Ат-Тобэ: 68).

**2 – Ц1ыху иук1 мыхъуным и псэр хэзыхар мурад ищ1у:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ауэ му1миныр мурад ищ1у зыук1ым ипшыныжынущ жыхьэнэмэк1э, игъащ1эк1и абы хэсынущ. Алыхьым и ней къыщыхуэнущ, нэлат къырихынущ, хьэзабышхуэри хуигъэхьэзыращ». (Ан-Ниса1: 93).

2 – Гьэбдуллах бин Гьэмр, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Мугьахэд[40] зыук1ам жэнэтым и мэр къыщ1ихьэнукъым, абым и мэр илъэс пл1ыщ1 и жыжьагъэк1э зеубгъур». Аль-Бухъари къи1уэтэжащ[41].

**3 – Зинэмрэ зинэ зыщ1ахэмрэ:**

Сэмурэ бин Джундуб, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэр, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, куэдрэ и сэхьабэхэм яупщ1у щытащ: «Зыгуэрым пщ1ыхьэп1э флъэгъуа?» - абым хэту – Зы махуэ гуэрым жи1ащ: «Ныджэбэ т1у къысхуэк1уащ, сырагъажьэри жа1ащ: «К1уэ» … Дык1уэурэ хьэкум ещхьу и щ1агъыр бгъуэуэ, и щхьэр зэву дынэсащ, абым гуо-к1ий макъ къи1ук1т». Жи1ащ: «Дыщиплъэм къэтлъагъуащ бзылъхугъэхэмрэ ц1ыхухъухэмрэ пц1анэхэу, ящ1агъымк1э маф1эр къак1эщ1оуэр, а маф1эр къащ1эуэмэ

[40] Зэгур1уэныгъэ зыхуи1э джаурыращ.
[41] Аль-Бухъари (3166).

к1ийуэ щ1адзэр. Жи1ащ: «Сеупщ1ащ а т1ум: «Хэт мыхэр?» - абым хэту - … Жа1ащ: «А ц1ыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ плъагъуахэр хьэкум ещхьым исахэр, ахэр зинэ зыщ1а бзылъхугъэхэмрэ ц1ыхухъухэмрэщ…». Аль-Бухъари къи1уэтэжащ[42].

**4 – Риба[43] зышххэр:**

Сэмурэ бин Джундуб, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, и хьэдис ипэк1э къэк1уам хэту жи1ащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Ит1анэ дык1уащ лъыуэ псыежэх, абы и кум зы ц1ыху хэту, и 1уфэми зы ц1ыху щыту мывэ и1ыгъыу. Псыежэхым хэт ц1ыхур гъунэгъу къыщыхъук1э къыхэк1ыну пылъу, мывэ зы1ыгъыр мывэмк1э йоуэри и жьэм здэщытам егъэк1уэж. Апхуэдэурэ къыхэк1ыну пылъ къэс и жьэм мывэк1э йоуэри зэрыщытам хуэдэу мэк1уэж. Жыс1ащ: «Сыт мыр?» … Жи1ащ: «А псыежэхым хэту плъагъуар риба зышхтэращ». Аль-Бухъари къи1уэтэжащ[44].

**5 – Сурэтыщ1хэр:**

1 – Ибн Гьэббас, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Сурэтыщ1у хъуам маф1эм сурэту ищ1ауэ хъуам псэ иратынущ, абым хьэзаб иригъэшэчынущ жыхьэнэмэм». Муслим къи1уэтэжащ[45].

2 – Гьа1ишэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэр, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын,

[42] Аль-Бухъари (7047).
[43] Процент жыхуа1эращ.
[44] Аль-Бухъари (1386).
[45] Муслим (2110).

къыщ1ыхьат сидежым си унэм и бжэм 1упхъуэ сурэтхэр зытещ1ыхьа ф1эздзауэ. Ар къыщилъагъум къыпихри и нэгум и теплъэм зихъуэжауэ жи1ащ: «Уэ Гьа1ишэ, Къемэт махуэм Алыхьым идеж нэхъ хьэзаб гуащ1э зытехуэнур Алыхьым къигъэхъуахэм ещхь зыщ1хэращ». Жи1ащ Гьа1ишэ: «Ит1анэ зэпыдупщ1ри щхьэнтэ е щхьэнтит1 къыхэтщ1ык1ыжащ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[46].

3 – Ибн Гьэббас, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Мы дунейм сурэт зыщ1ар ирагъэзынущ Къемэт махуэм абым псэ хилъхьэну, ауэ псэ хилъхьэфынукъым». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[47].

**6 – Ибэм и мылъкур зышхыр:**

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ибэм и мылъкур къуаншагъэк1э зышхым маф1эу и ныбэм ихьэнущ, маф1эшхуэми хыхьэнущ». (Ан-Ниса1: 10).

**7 – Пц1ы зыупсхэр, гъибэ[48], нэмимэ[49] зыщ1хэр:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ауэ ар пц1ыуэ зыбжу гъуэщахэм ящыщмэ, зэрагъэхьэщ1энур псывэрэ маф1эрэщ». (Аль-Уакъигьэ: 92-94).

2 – Мугьаз бин Джэбэль, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, сыщ1ыгъуу гъуэгу дытету – абым хэту – Жыс1ащ: «Уэ Алыхьым и

---

[46] Аль-Бухъари (5954), Муслим (2107).
[47] Аль-Бухъари (7042), Муслим (2110).
[48] Зыгуэрэм игу зэримыхьыну утепсэлъыхьынращ езыр щымыту.
[49] Псалъэ зэхихыр къезыхьэк1ыращ.

бегъымбар, жыт1эхэм щхьэк1э къыдэупщ1ыжыну ара?» Жи1ащ: «Уэ и анэм ф1эк1уэдын[50], ц1ыхухэр маф1эм щ1ыхадзэнур я нэгухэмк1э», - е жи1ащ: «я пэхэмк1э я бзэгухэм къыхуахьахэращ». Ат-Тирмизирэ Ибн Маджэрэ къа1уэтэжащ[51].

**8 – Алыхьым къыригъэхар зыбзыщ1хэр:**

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Къыпэк1уэну уасэ мащ1эм дихьэхыу, Алыхьым къыригъэха Тхылъым щыщ зыбзыщ1хэм яшхыр я ныбэм маф1эу ихьэнущ. Къемэт махуэм абыхэм Алыхьыр япсэлъэнукъым, ахэр иухеинукъым, абыхэм хьэзаб гуащ1э къапоплъэ». (Аль-Бэкъэрэ: 174).

**Маф1эм хыхьахэр зэрызэдауэнур:**

Джаурхэм Алыхьым яхуигъэхьэзыра хьэзабыр щалъагъук1э, а гуауэр щызэхащ1эк1э, езыхэм я щхьэхэри, ф1ыуэ ялъыгъуу щытахэри, я ныбжьэгъуу щытахэри дунейм ялъагъу мыхъу хъунухэщ. Яку дэлъауэ щыта ф1ылъагъуныгъэм зэбииныгъэк1э зихъуэжынущ. Абдежым маф1эм хыхьахэр зыр зым едауэжу щ1адзэнущ, щ1ып1эу яубыдахэр зэрызэщхьэщык1ым щхьэк1и зэдэуэжынухэщ.

1 – Пщыл1хэр зыхуэпщыл1у щытахэм зэредауэр: «Абыхэм зэрышхыурэ жа1энущ: «Алыхьым и ц1эк1э до1уэ, дэ нахуэу дыгъуэщатэк1э дунейхэм я Тхьэм фыщыхуэдгъадэм. Дэ щ1эпхъаджэхэм дагъэгъуэщауэ арат». (Аш-Шугьэра1: 96-99).

2 – Къаруушэхэр зызгъэпагэ зиусхьэнхэм зэредауэр: «Ахэр жыхьэнэмэм щызэрышхынущ. Ц1ыху ц1ык1ум жа1энущ, тепщэу щытахэм жра1эу: «Дэ фэ дынывэда1уэу щытащ, иджы мы

50 Зэригъэщ1агъуэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэщ.
51 Сэхьихь, Ат-Тирмизи (2616), Ибн Маджэ (3973).

маф1эм щыщ т1эк1у тхьэщыфхыфыну?» Зызыгъэпагэу щытахэм жа1энущ: «Дэ псори абы дыхэтщ, Алыхьым ц1ыхухэм я унафэр ищ1ащ». (Гъафир: 47-48).

3 – Гъуэщэныгъэм и нэхъыщхьэхэм к1элъык1уахэр зэрадауэнур: «Абдежым абыхэм зэдауэу щ1адзэнущ. Абыхэм жа1энущ: «Фэ ижьымк1э фыкъытпэувырт». Абыхэм къыжра1эж: «Хьэуэ, фэ иман фи1эу щытакъым, дэри фэ къару фхуди1акъым, фэ жылэ мыда1уэу фыщытащ. Алыхьым и псалъэр пэжу къыщ1эк1ащ, дэ абы дыхэплъэнущ. Дэ фэ фыдгъэгъуэщащ, дэри дыгъуащэу щытащ. Ик1и а махуэм ахэм хьэзабыр зэдагуэшынущ». (Ас-Сафат: 27-33).

4 – Джаурымрэ и ныбжьэгъу шейт1анымрэ зэрызэдауэр: «И пэшэгъу шейт1аным жи1энущ: «Уэ ди Тхьэ, сэракъым ар зыгъэгъуэщар, езыр гъуэщагъыхэт 1ейуэ». Жи1энущ (Алыхьым): «Си пащхьэ фыщызэмыдауэ, Сэ вжес1агъыхэу щытат. Си псалъэм хъуэж и1экъым, пщыл1хэми сайкъуэншэк1къым». (Къаф: 27-29).

5 – 1уэхур нэхъри хьэлъэ мэхъур ц1ыхум и 1эпкълъэпкъым едауэжу щыщ1идзэк1э: «Алыхьым и бийхэр маф1эм щахуну махуэм къызэтрагъэувы1энущ. Абдежым абыхэм я тхьэк1умэри, я нэри, я щ1ыфэри щыхьэту къытеувэнущ ящ1эу щытахэмк1э. Ахэр я щ1ыфэхэм еупщ1ыжынущ: «Сыт щыхьэту фыкъыщ1ытпэувар?» Жэуапу къатынущ: «Алыхьу сытри къэзыгъэпсалъэм, фэри япэ фыкъэзыгъэщ1ам дыкъигъэпсэлъащ, фэри Абы и пащхьэ фохьэж». (Фусылэт:19-21).

**Жыхьэнэмэм хыхьэнухэр Алыхьым елъэ1унущ зыгъэгъуэщахэр яригъэлъэгъуну, ахэм я хьэзабыр яхухигъэхъуэну:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэм жа1энущ: «Уэ ди Тхьэ, жинымрэ ц1ыхумрэ ящыщу дэ дызыгъэгъуэщахэр дыгъэлъагъу, дэ абыхэм датеувэнщи хэдутэнщ». (Фусылэт: 29).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Я нэк1ухэр зэрагъэдзэк1ыу маф1эм здыхэлъым абыхэм жа1энущ: «Уэ бетэмал, л1ык1уэм деда1уэу Алыхьым дыхуэжы1эщ1амэ аратэкъэ!» Ит1ани жа1энущ: «Уэ ди Тхьэ, ди зиусхьэнхэмрэ ди нэхъыжьхэмрэ деда1уэри дагъэгъуэщащ. Уэ ди Тхьэ, абыхэм хьэзаб т1уащ1эр ятелъхьи нэлат инри ях». (Аль-1эхьзаб: 66-68).

**Иблис жыхьэнэмэм хыхьахэм яжри1энур:**

Унафэр ящ1у 1уэхур зэф1эк1а иужь Иблис жыхьэнэмэм хыхьахэм япсэлъэнущ, абыхэм я гуауэр, зэрыщ1егъуэжахэр, я гукъеуэр нэхъри хигъэхъуэн папщ1э.

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «1уэхур зэф1эк1а нэужь , шейт1аным жи1энущ: «Алыхьым фыкъызэригъэгугъар пэжу къыщ1эк1ащ, сэри фыкъэзгъэгугъат, ауэ фыкъэзгъэпц1эжащ. Сэ фыхэзгъэзыхьыну къару си1акъым, сэ фыкъыхуезджа къудейти, фыкъызэувэл1ащ, иджы фыкъызэмышхыдэу фи щхьэ фыхуэшхыдэж. Сэ фэ сывдэ1эпыкъуфынукъым, фэри фыкъыздэ1эпыкъуфынукъым. Фэ гъусэ сыхуэфщ1у зэрыщытам си 1уэху хызохыж». Джаурхэм хьэзаб гуащ1эр къапэщылъщ». (Ибрахим: 22).

**Маф1эр нэхъыбэ зэрыщ1элъэ1унур:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «А махуэм жыхьэнэмэм деупщ1ынущ: «Зыбгъэнщ1а уэ?» Жэуап къитынущ: «Къыщ1ывгъун щы1экъэ?» (Къаф: 30).

2 – Анас бин Малик, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жыхьэнэмэм зэпымычу хадзэнухэщ езым «Къыщ1эвгъун щы1экъэ?» - жи1эурэ, ит1анэ Тхьэм Лъэщым и лъакъуэр абы хигъэувэнущи, зэк1уэц1ыхьэнущи жи1энущ: «Ирокъур, ирокъур, уи Щ1ыхьымрэ уи Лъагагъэмрэк1э со1уэр!». Ат1э жэнэтым щ1ып1э лей и1энущ, Алыхьым абым щхьэк1э къигъэхъухэу а щ1ып1э лейхэм иригъэхьэхук1эрэ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[52].

## Жыхьэнэмэм ихьэнухэм я щытык1эхэр

- Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ди аятхэр зымыдахэр маф1эм едгъэсынущ, я фэхэр тежьык1ыху къэс фэщ1э къатедгъэк1эжурэ, хьэзабыр зыхащ1эн щхьэк1э. Алыхьыр Лъэщщ, 1ущщ!» (Ан-Ниса1: 56).

- Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Щ1эпхъаджэхэр къыхэк1 ямы1эу жыхьэнэмэм хэтынущ, абыхэм хуагъэпсынщ1энукъым, гугъап1эншэуи абым къыхэнэнухэщ. Абыхэм Дэ залымыгъэ ятхакъым, езыхэм зырахыжауэ аращ залымыгъэ». (Аз-Зухъруф: 74-76).

- Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Алыхьым джаурхэм нэлат ярихащ, жыхьэнэмэри къахуигъэплъащ, игъащ1эк1э абы хэтынухэщ. Абыхэм къезыгъэлыни къадэ1эпыкъуни

[52] Аль-Бухъари (4848), Муслим (2848).

ягъуэтыжынукъым. Я нэк1ухэр зэрагъэдзэк1ыу маф1эм щыхэт махуэм жа1энущ: «Уэ бетэмал, Алыхьым дыхуэжы1эщ1эу л1ык1уэм дедэ1уамэ аратэкъэ!» (Аль-1эхьзаб: 64-66).

- Алыхь Лъап1эм жи1ащ иджыри: «Иман къэзмыхьахэм жыхьэнэмэ маф1эр къапэщылъщ, ахэм я 1уэхур зэф1агъэк1ыу абдежым хэл1ыхьынукъым, ик1и я хьэзабыр хуагъэпсынщ1энукъым. Апхуэдэу джаурхэм ядогъэпшыныж». (Фат1ир: 36).

- Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Унэхъуахэр маф1эм хыхьэнущ, ик1и абы к1ийхэу, зэщыджэхэу игъащ1эк1э хэсынухэщ, уафэмрэ щ1ылъэмрэ щы1эху уи Тхьэр нэгъуэщ1 хуэмеймэ. Уи Тхьэм зыхуейр ещ1э». (Худ: 106-107).

- Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Уи Тхьэм и ц1эк1э со1уэ, Дэ ахэри, шейт1анхэри зэхуэтхусыжынщи, жыхьэнэмэм лъэгуажэмыщхьэу къедгъэувэк1ынк1э! Ит1анэ дэтхэнэ гупми Дэ къыхэтшынщ нэхъ зызыгъэпагэу Гущ1эгъущ1ым емыдэ1уахэр. Ит1анэ Дэ нэхъыф1у дощ1эр абы исыпхъэхэр». (Мэрям: 68-70).

- Алыхь Лъап1эм жи1ащ иджыри: «Абыхэм жыхьэнэмэр къапоплъэр, щык1ахэм аращ я к1уап1эр, ахэр абы л1эщ1ыгъуэ куэдк1э хэсынущ. Абы салъкъыни зэфэни щагъуэтынукъым, псывэрэ уэтэпсрэ ф1эк1а, ар ящ1ам пэк1уэу аращ». (Ан-Нэбэ1: 21-26).

- Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Я Тхьэр зи ф1эщ мыхъуахэм жыхьэнэмэм и хьэзабыр къапэщылъщ. Ар хэщ1ап1э мыгъуэщ. Ахэр абы щыхадзэк1э, къыщыкъуалъэк1э зэрыгъуахъуэм и макъыр зэхахынущ. Ар губжьым къигъэчэным хуэдэщ. Зы гуп хадзэху к1элъыплъхэр къаупщ1ынущ: «Фэ къыфхуэк1уатэкъэ мыбы фыхуэзыгъэсакъын?» Жа1энущ: «Ае, дэ ущияк1уэ

къытхуэк1уат, ауэ ахэр пц1ыупсу тлъытэри яжет1ащ: «Алыхьым зыри къыригъэхакъым, фэ икъук1э фыгъуэщауэ аращ». (Аль-Мульк: 6-9).

- Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Гуэныхьыщ1эхэр гъуэщащ, я акъылри зэк1уэк1ащ. А махуэм нэк1ук1э телъу маф1эм халъэфэнущ, феплъыт иджы жыхьэнэмэм и маф1эм». (Аль-Къэмэр: 47-48).

- Ит1ани Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Хьэуэ, ар хадзэнущ зэхэзыкъутэм, уэ сытым уигъэщ1эн зэхэзыкъутэр? Ар Алыхьым и маф1э зэщ1эгъэнаращ. Ар гухэм носыр. Ар абым щ1эубыдауэ щ1эсынущ, пкъом епхауэ». (Аль-Хумэзэ: 4-9).

- 1усамэ бин Зейд, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1эжащ: «Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Къемэт махуэм къашэнущи зы л1ы маф1эм хадзэнущ, абы и к1эт1ийхэр маф1эм къыщик1ынущи шыдыр мывэшхуэ зэпхам хъурейуэ къызэрек1уэк1ым хуэдэу къек1уэк1ыу щытынущ. Маф1эм хыхьахэр щызэхуэсынущи абым идеж жа1ынущ: «Уэ мыпхуэдэ (и ц1эр жа1ынущ), сыт къыпщыщ1ар? Уэракъэ ф1ым дыкъыхуезыджэу мыхъуным дыхуэсакъыну къыджезы1этэр?» Жи1энущ: «Фэ ф1ым фыкъыхуезджэти сэ ар сщ1этэкъым, мыхъуным фыхуэсакъыну вжес1эт, ауэ сэ ар сщ1эт». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[53].

**- Жыхьэнэмэм хыхьахэр зэрыгъымрэ зэрык1иймрэ:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Жа1эрт: «Фемыжьэ мы хуабэвэхым!» Яже1э: «Жыхьэнэмэ маф1эр нэхъ гуащ1эжщ», - ар

---

Аль-Бухъари (3267), Муслим (2989).[53]

ящ1эу щыттэмэ. Ирегуф1э т1эк1у, иужьк1э куэдрэ гъыжынхэщ, ящ1ам къахуихьауэ». (Ат-Тобэ: 81-82).

2 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Ахэр абы щытхьэджэнущ: «Уэ ди Тхьэ! Мыбы дыкъыхэгъэк1и ф1ы тщ1энущ ипэк1э тщ1ам хуэмыдэу!» Дэ фыдгъэпсэуакъэ зэхэзыщ1ык1ынум зэрызэхищ1ык1ын хуэдизрэ, ик1и ущияк1уи къыфхуэк1уатэкъэ? Феплъ иджы, залымыгъэ зыщ1ахэм дэ1эпыкъуэгъу я1энукъым». (Фат1ир: 37).

3 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Ахэр абы щык1ийуэ хэсынущ, зыри зэхамыхыжу». (Аль-1энбия1: 100).

4 – Алыхь Лъап1эм ит1ани жи1ащ: «Ахэр зэщ1э1ул1ауэ щ1ып1э зэвым щыдадзэк1э, ягъэк1уэдыжыну щ1элъэ1унущ. Нобэ зы к1уэдып1эм фыщ1эмылъэ1уу, к1уэдып1э куэдым фыщ1элъэ1у». (Аль-Фуркъан: 13-14).

5 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «А махуэм залымыгъэ зезыхьар и 1эпэм едзэгъужынущ жи1эурэ: «Бетэмал, л1ык1уэм и гъуэгум сытехьамэ аратэкъэ». (Аль-Фуркъан: 27).

6 – Алыхь Лъап1эм ит1анэ жи1ащ: «Апхуэдэу Алыхьым я лэжьыгъэхэр щаригъэлъагъужк1э гу1эжынухэщ, абыхэм маф1эм къыхэк1ыжи я1энукъым». (Аль-Бэкъэрэ: 167).

**Жыхьэнэмэм ихьахэр зэрылъа1уэнухэр:**

Жыхьэнэмэм ихьахэр абым хэту хьэзаб гуащ1эр щызэхащ1эк1э лъа1уэу, джэуэ щ1адзэнущ зыгуэр къадэ1эпыкъунк1э е жэуап къаритынк1э гугъэхэу. Апхуэдэу жэнэтым ихьахэм, маф1эм и хъумак1уэхэм, жыхьэнэмэм и щхьэтет Малик яджэнухэщ, я Тхьэми елъэ1унухэщ, ауэ я гуауэр нэхъри хэзыгъахъуэ ф1эк1а

жэуап къыратынукъым. Иужьк1э гугъэр ягъэк1уэдынущи, к1ийуэ гуоуэ щ1адзэнущ.

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Жыхьэнэмэм ихьахэр жэнэтым к1уахэм яджэнущ: «Кхъы1э, е псы, е Алыхьым къывита шхыным щыщ къытхуэфший». Жа1энущ: «Ахэр Алыхьым хьэрэм яхуищ1ащ джаурхэм». (Аль-1эгьраф: 50).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Маф1эм хыхьахэм жыхьэнэмэм и хъумак1уэхэм жра1энущ: «Фи Тхьэм фытхуелъэ1у ди хьэзабыр зы махуэ нэхъ мыхъуми тхуигъэпсынщ1эну». Жа1энущ: «Къэзыгъэпэжхэр я1ыгъыу фи л1ык1уэхэр къыфхуэк1уатэкъэ?» Жа1энущ: «Нт1э». Жа1энущ: «Ат1э фылъа1уэ». Ауэ джаурхэм я лъэ1ум зыри къырик1уэркъым!» (Гъафир: 49-50).

3 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ахэр къэджэнущ: «Уэ Малик, уи Тхьэм ди псэр хырех!» Яжри1энущ: «Фызэрыщытым хуэдэу фыкъэнэнущ». Дэ фэ пэжыр къыфхуэтхьат, ауэ фи нэхъыбэм пэжыр ялъагъу хъуртэкъым». (Аз-Зухъруф: 77-78).

4 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Абыхэм жа1энущ: «Уэ ди Тхьэ! Ди насыпыншагъэр къыттек1уэри лъэпкъ гъуэща дыхъуащ. Уэ ди Тхьэ, мыбы дыхэшыжи, дызытетам дытехьэжмэ, мис ит1анэ дыкъуаншэщ». Жи1энущ: «Фызэрыщыту фыкъанэ абдежым, ик1и фыкъызэмыпсалъэ». (Аль-Му1минун: 106-108).

5 – Жыхьэнэмэм хыхьахэм гугъэ щамы1эжк1э абы къыхэк1ыжыну, ик1и ф1ыуэ хъуам я гугъэр щыхахыжк1э к1ийуэ гуоуэ щ1адзэнущ Алыхь Лъап1эм зэрыжи1ам хуэдэу: «Унэхъуахэр маф1эм хыхьэнущ, ик1и абы к1ийхэу, зэщыджэхэу игъащ1эк1э хэсынухэщ, уафэмрэ щ1ылъэмрэ щы1эху уи Тхьэр нэгъуэщ1 хуэмеймэ. Уи Тхьэм зыхуейр ещ1э». (Худ: 106-107).

Алыхьым дыщихъумэ Алыхьым и мыаразыныгъэм, и губжьым, и тезырым. Уэ ди Алыхь, жэнэт къыдэт… Маф1эм дыщыхъумэ… Уэращ ди Тепщэр… Тепщэхэм я нэхъыф1ыр… Дэ1эпыкъуэгъум я нэхъыф1ыр.

**Жэнэтым ихьахэм жыхьэнэмэм к1уахэм я щ1ып1эхэр щ1эину къазэрылъысынур:**

Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Псоми хэщ1ап1ит1 фи1эщ: зы хэщ1ап1эр жэнэтым, адрей хэщ1ап1эр жыхьэнэмэм. Зыгуэр л1эуэ жыхьэнэмэм ихьэмэ, абы и хэщ1ап1эр жэнэтым ихьахэм щ1эину къалъосыр. Аращ Алыхь Лъап1эм и псалъэхэр зытеухуар: «Ахэращ щ1эинхьыжхэр, Аль-Фирдэусыр щ1эину къызлъысу игъащ1эк1э абы щы1энухэр[54]». Ибн Маджэ къи1уэтэжащ[55].

**Алыхь закъуэм хуэпщыл1у щыта мыхъумыщ1агъэ зыщ1ахэр жыхьэнэмэм къызэрыхэк1ыжынур:**

1 – Джабир, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ щытащ: «Алыхьыр зыгъэзакъуэу щытахэм хьэзаб ирагъэшэчынущ маф1эм ф1амыщ1 хъуху, ит1анэ гущ1эгъуныгъэр къанэсынущи, къыхахыжынухэщи жэнэтым и бжэм щагъэт1ылъынущ». Жи1ащ: «Ит1анэ жэнэтым щы1эхэм абыхэм псы трак1энущи, псы уэрым къихьа жылэхэр къызэрык1ым хуэдэу къэк1ыжынухэщи жэнэтым ихьэнухэщ». Ахьмэдрэ Ат-Тирмизирэ къа1уэтэжащ[56].

---

[54] Аль-Му1минун: 10-11.
[55] Сэхьихь, Ибн Маджэ (4341).
[56] Сэхьихь, Ахьмэд (15268), Ат-Тирмизи (2597).

2 – Анас бин Малик, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Маф1эм къыхашыжынущ «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1экъым» жызы1эу зи гум гуэдз хьэдзэм хуэдиз ф1ы илъыр. Ит1анэ маф1эм къыхашыжынущ «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1экъым» жызы1эу зи гум хьэ хьэдзэм хуэдиз ф1ы илъыр. Ит1анэ маф1эм къыхашыжынущ «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1экъым» жызы1эу зи гум сабэм и 1ыхьэ нэхъ мащ1э дыдэм хуэдиз ф1ы илъыр». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[57].

**Маф1эм хыхьахэм я хьэзаб нэхъ гуащ1эр:**

1 – Жэнэтым ихьахэм нэхъыф1 дыдэу я1эну ф1ыгъуэр му1минхэр зэрыгуф1эныращ я Тхьэ Лъап1эу Лъагэр щалъагъук1э, Ар арэзы къащыхуэхъук1э. Алыхь Лъап1эм жи1ащ абым теухуауэ: «А махуэм я нэгухэр нэф1эгуф1эу я Тхьэм еплъынущ». (Аль-Къиямэ: 22-23).

Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: «Алыхьым му1мин ц1ыхухъухэри му1мин бзылъхугъэхэри къигъэгугъащ псыхэр къызщ1эж жэнэтымк1э, игъащ1эк1э абы щы1энухэщ, ик1и жэнэт Гьэдным и псэуп1эф1хэмк1э. Алыхьым и арэзыныгъэр нэхъыф1ыжщ, ар ехъул1эныгъэшхуэщ». (Ат-Тобэ: 72).

2 – Маф1эм хыхьахэм я хьэзаб нэхъ ин дыдэр ахэм я Тхьэ Лъап1эу Лъагэр ящыхъумауэ зэрамылъагъуращ. Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Ае, а махуэм ахэр Тхьэм пэ1эщ1э ящ1ынущ, ит1анэ жыхьэнэмэм хагъэсыхьынущ». (Аль-Мут1эфифин: 15-16).

**Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ ихьахэр абдежым игъащ1эк1э къызэрынэнухэр:**

[57] Аль-Бухъари (44), Муслим (193).

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Унэхъуахэр маф1эм хыхьэнущ, ик1и абы к1ийхэу, зэщыджэхэу игъащ1эк1э хэсынухэщ, уафэмрэ щ1ылъэмрэ щы1эху уи Тхьэр нэгъуэщ1 хуэмеймэ. Уи Тхьэм зыхуейр ещ1э. Ехъул1ахэр жэнэтым къинэнухэщ игъащ1эк1э, уафэмрэ щ1ылъэмрэ щы1эху уи Тхьэр нэгъуэщ1 хуэмеймэ. Ар тыгъэ зэпымыущ». (Худ: 106-108).

2 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэм щ1ым щы1эу хъуари абым хуэдиз иджыри щ1ыгъужу я1эрэ Къемэт махуэм и хьэзабым зыщахъумэн щхьэк1э ятыну хуежьэми, ар 1ахынукъым, абыхэм хьэзаб гуащ1эр къапэщылъщ. Ахэр маф1эм къыхэк1ыну хущ1экъунущ, ауэ къыхэк1 я1экъым. Абыхэм я хьэзабыр мыухыжщ». (Аль-Ма1идэ: 36-37).

3 – Ибн Умэр, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ щытащ: «Жэнэтым ихьэнухэр щихьэк1э, жыхьэнэмэм ихьэнухэри щихьэк1э, л1эныгъэр къахьынущи жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ якум деж щыф1абзынущ. Ит1анэ джак1уэр къэджэнущ: «Уэ жэнэтым ихьахэ, л1эныгъэ щы1эжкъым. Уэ жыхьэнэмэм ихьахэ, л1эныгъэ щы1эжкъым». Абдежым жэнэтым ихьахэм я гуф1эгъуэр нэхъри хэхъуэнущ, жыхьэнэмэм ихьахэми я гукъеуэр нэхъри хэхъуэнущ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[58].

**Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ нэхъыбэу ихьэнухэр:**

Ц1ыхухъухэр жэнэтым нэхъыбэнущ бзылъхугъэхэм нэхърэ, бзылъхугъэхэр жыхьэнэмэм нэхъыбэнущ ц1ыхухъухэм нэхърэ, хьурхэр[59] нэхъыбэщ жэнэтым ц1ыхухъухэм нэхърэ.

---

[58] Аль-Бухъари (6548), Муслим (2850).
[59] Алыхьым жэнэтым ихьахэм щхьэк1э къигъэхъуну бзылъхугъэхэщ.

1 – Гьимран бин Хьусэйн, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жэнэтым нэхъ мащ1э дыдэу щыпсэунухэр бзылъхугъэхэращ». Муслим къи1уэтэжащ[60].

2 – Гьимран бин Хьусэйн, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, иджыри къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жэнэтым сыхэплъэри нэхъыбэу щыслъэгъуар факъырэхэращ. Жыхьэнэмэм сыхэплъэри нэхъыбэу щыслъэгъуар бзылъхугъэхэращ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[61].

3 - Ибн Гьэббас, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Маф1эр сагъэлъэгъуащ, ик1и абы нэхъыбэ дыдэу хэтыр бзылъхугъэ зымыдэжхэращ». Жа1ащ: «Алыхьыр ямыдэжу ара?» Жи1ащ: «Щхьэгъусэр ядэжкъым, ф1ыуэ къазэрыхущытыр ядэжкъым, ахэм щыщ зым л1эщ1ыгъуэ псок1э ф1ыуэ ухущыту, зэ игу иримыхь гуэр къызэрыбдилъагъуу жи1энущ: «Игъащ1эк1э зыри ф1ыуэ къыббгъэдэк1акъым». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[62].

4 - Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Япэрей гупу жэнэтым ихьэнухэм я теплъэр мазэгъуэ жэщым мазэ изым и теплъэм хуэдэу щытынущ, абыхэм яужь къак1уэхэр нэхъ ин дыдэу уафэм къэц1у вагъуэм хуэдэхэщ. Щ1ыб ик1ынухэкъым инк1и ц1ык1ук1и, убжьытхэнухэкъым, я пэри къыпыжынукъым, я щхьэмажьэхэр дыщэщ, я пщ1ант1эпсыр

[60] Муслим (2738).
[61] Аль-Бухъари (3241), Муслим (2737).
[62] Аль-Бухъари (29), Муслим (907).

мискщ, я ф1амыщ1ыр пхъэ мэ гуак1уэ къызпихщ, я щхьэгъусэхэр хьур гьин[63], я теплъэк1э псори зым хуэдэнухэщ, я адэ Адам и теплъэм хуэдэу 1эфрак1э хыщ1 я лъагагъыу щытынущ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[64].

**Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ ухуэзышэр:**

Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жыхьэнэмэм ухуэзышэр ф1эф1ыныгъэхэращ[65], жэнэтым ухуэзышэр гугъуехьыращ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[66].

**Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ зэрыгъунэгъур:**

Гьэбдуллах бин Мэсгьуд, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ щытащ: «Жэнэтыр нэхъ фпэгъунэгъущ фи вакъэм и лъэпсым нэхърэ, жыхьэнэмэри апхуэдэщ». Аль-Бухъари къи1уэтэжащ[67].

**Жэнэтымрэ жыхьэнэмэмрэ я мыарэзыныгъэмрэ Алыхьым абыхэм я унафэр зэрищ1амрэ:**

Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жыхьэнэмэмрэ жэнэтымрэ мыарэзыуэ, жыхьэнэмэм жи1ащ: «Зызгъэпагэхэмрэ залымхэмрэ къыслъысар». Жэнэтым

[63] Муслъымэнхэм щхьэк1э жэнэтым щхьэгъусэу Алыхьым къигъэхъунухэращ.
[64] Аль-Бухъари (3327), Муслим (2834).
[65] Зи гугъу ищ1ыр псэм ф1эф1у шэрихьэтым хьэрэм ищ1ахэращ аркъэ, дыгъуэн, зинэ хуэдэхэр.
[66] Аль-Бухъари (6487), Муслим (2823).
[67] Аль-Бухъари (6488).

жи1ащ: «Сэ сыт ат1э си дежым къыщ1имыхьэр къарууншэрэ, ягъэц1ык1урэ, зыри зыхуэмылъэк1рэ ф1эк1а?» Алыхь Лъап1эм жэнэтым жри1ащ: «Уэ усигущ1эгъуныгъэщ, сызыхуейм си пщыл1хэм щыщу уэрк1э си гущ1эгъуныгъэр ялъызогъэ1эс». Ит1анэ жри1ащ маф1эм: «Уэращ си хьэзабыр, сызыхуейм си пщыл1хэм щыщу уэрк1э си хьэзабыр тызолъхьэ». А т1уми ик1и ярыз я1энущ…» Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[68].

**Маф1эм зыщыпхъумэнымрэ жэнэтым ущ1элъэ1унымрэ:**

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: «Джаурхэм хуагъэхьэзыра маф1эм зыщыфхъумэ. Алыхьымрэ и л1ык1уэмрэ фыхуэжы1эщ1э, гущ1эгъу къыфхуищ1ынщ». (Алэ Гьимран: 131-132).

2 – Гьэдий бин Хьатим, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, маф1эм и гугъу щищ1ым и нэк1ум зэрыф1эмыф1ыр щыплъагъуу зыригъэзэк1ащ, ик1и Алыхьым щихъумэну елъэ1уащ. Ит1анэ маф1эм и гугъу иджыри ищ1ри и нэк1ум зэрыф1эмыф1ыр щыплъагъуу зыригъэзэк1ащ, ик1и Алыхьым щихъумэну елъэ1уащ. Ит1анэ жи1ащ: «Маф1эм зыщыфхъумэ чыц1ыбжьэ ныкъуэк1э нэхъ мыхъуми, ар зымыгъуэтым псалъэ дахэк1э». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[69].

3 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжащ, Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Жэнэтым ихьэнущ 1умэту хъуар зымыдахэм мыхъумэ». Жа1ащ: «Уэ Алыхьым и л1ык1уэ, хэт зымыдар?»

---

[68] Аль-Бухъари (4850), Муслим (2846).
[69] Аль-Бухъари (6563), Муслим (1016).

Жи1ащ: «Сэ жыс1ам тетар жэнэтым к1уэнущ, сэ жыс1ам ф1эк1ар зымыдаращ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[70].

Уэ Алыхь Лъап1э, дынолъэ1ур жэнэтыр, абым пэгъунэгъу дызыщ1ын псалъэхэри лэжьыгьэхэри къыдэптыну. Дынолъэ1ур маф1эми, абы пэгъунэгъу дызыщ1ын псалъэхэми, лэжьыгъэхэми дыщыпхъумэну.

[70] Аль-Бухъари (7280), Муслим (1835).

IslamHouse.com